Бытырым ехьэлlауэ (и хьукмыр)		
Итыну ипщэрылъщ (уаджибщ):		Псапэщ (егъэзыгъэ хэлъкъым):
Нэшl мазэм иклэрей махуэм мыхъуми муслимэну хиубыдам. Зэхэдз иlэкъым ар акъылбэлигъыу щытми, сабиуэ щытми, хулъхугъэми, бзылъхугъэми,щхьэхуитми, пщылlми , псоми къатохуэр.	Гьид махуэм езымрэ и унагъуэмрэ яхурикъун ирискъым зы сагь къалэямэ къатохуэр.	Ныбэм илъ сабим хуэптынри

Бытыр зэкятыр пщэрылъ къыщlытхуищlам и щхьэусыгъуэр	
Нэщl мазэм иклуэцlклэ нэщl исым гуэныхь къигъэхъамэ егъэгъур (егъэкъабзэжыр)	Тхьэмыщклэхэр гьид махуэм имыгъэлъаlуэу, яшхын ярегъэгъуэт

Бытырыр щыптын хуей уэхътыр		
Щыпт хъуну уэхътыр : Гьид махуэм ипэм, махуэ е махуитl къихуэу	Щыптыну нэхьыфlыр: Гьид махуэм пщэдджыжь нэмэзым иужь, гьид нэмэзыр ямыщl щlыклэ	Щыпт щымыхъунур: Гьид нэмэз нэужьым

Бытыр зэкятыр зыхатыклыр:	
Хэгъуэгум ис цlыхухэм ягъэтlылъу зэрахьэ, къэуат зыщlэлъ ирискъым хыботыклыр. Гуэдзклэ къапщтэмэ килограммитlрэ грамм тlощlитlрэ. Адрей ирискъыхэклхэми езым я килограмм бжыгъэ яlэжщ.	Ахъшэ быт хъунукъым.

Цlыхухэм нэхъыбэу яшх ирискъым я бытырым ибжыгъэр:		
Хьэжыгъэ - 1400 гр	Манная каша - 2000гр	Прунж - 2300гр
Гуэдз - 2040 гр	Чечевицэ - 2100гр	Хьуммус - 2000гр
Джэнш - 2060 гр	Финик - 1800 гр	Жызум - 1640 гр

Зэкят замылlэужьыгъуэхэм ятыклэхэр зэрыгъэпсар:		
1.Зытми, зыратми ехьэлlауэ бжыгъэ зыри къыхэщкъым, ауэ бытым ибжыгъэр гъэнэхуащ. Бытырым хуэдэу. (1сагь)	2.Зэптми , йэптми ехьэлlауэ бжыгъэ гъэнэхуа зиlэ зэкят лlэужьыгъуэр. Псалъэм папщlэ хьэжыщlым хьэжым деж пщlэ мыхъун ищlамэ. Тхьэмыщклэу нэрыбгих егъашхэр , нэрыбгэ къэс сагь ныкъуэ къалъысу.	3.Зэптым и бжыгъэр гъэнэхуауэ , ауэ ептым ибжыгъэр гъэнэхуауэ щымыт зэкятыр. Аллыхьым ицlэ иlуэу зыгъэпщlыжам и зэкятыр. Нэрыбгипщl егъашхэр.